И.ЮСУПОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА КӨРКЕМ ЛЕКСИКАНЫҢ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ

Гөззал Отепбергенова - *оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: бадиий тил, бадиий лексика, И.Юсупов ижоди, бадиий образлилик, антонимлар.
Ключевые слова: художественный язык, художественная лексика, творчество И.Юсупова, художественная образность, антонимы.
Key words: artistic language, artistic vocabulary, creativity of I. Yusupov, artistic figurativeness, antonyms.

Әдебияттаныў илиминде поэтикалық тилди, көркем тилдиң лексикасын изертлеў әҳмийетли ўазыйпалардың бирине айланбақта. Көркем шығарманың поэтикалық тилин изертлеў тил ҳәм әдебияттаныў илими ушын ортақ қубылыс. Бул жөнинде белгили алым Б.Саримсоқов: «…бир нәрсени айрықша атап өтиў лазым, ол тилши ме, яки әдебиятшы ма, лингвопоэтикада, көркемлик, образлылық мәселелеринде бирлесип кетиўлери зәрүр, сонда ғана олар ҳақыйқый филологқа айланады» [4:27] - деп атап өткен еди. Көркем әдебият сөз өнери, оның биринши элементи тил екенлиги белгили. Соның ушын да көркем тилсиз көркем әдебият болмайды. Белгили илимпаз Ш.Абдиназимов «…көркем әдебиятта, әсиресе поэзияда образдың орны ҳәм ўазыйпасы қандай дәрежеде әҳмийетли, шешиўши болмасын, ол сөзден, тилден ажыралған түрде, тысқарыда жасай алмайды. Сөзсиз образдың өзи жоқ, болыўы да мүмкин емес» [1:4] - деп атап өтеди. Демек, поэтикалық тил-тилдиң улыўмалық белгилери менен бирге, сөз өнериниң тийкарғы дәреги болып табылады. Поэтикалық тил өз гезегинде поэтикалық фонетика, поэтикалық лексика, поэтикалық синтаксис ҳәм т.б. түрлерин өз ишине қамтыйды.

Көркем тилдиң лексикасына лексикалық элементлер: антонимлер, синонимлер, омонимлер, фразеологизмлер, архаизмлер, неологизмлер, диалектизмлер, варваризмлер, жаргонлар ҳәм т.б. қурайды. «… көркем тил ҳәлсиз болса, онда ол көркем шығарма дәрежесинде емес. Көркем образ жаратыў ушын оның тийисли элементлери болады. Тилдиң көркемлигин, эмоционаллығын көтериў ушын, оның мәнисин тереңлестириў ушын лексикалық элементлер көбирек хызмет етеди» [2:53] - деп көрсетеди.

Тилимизде сөзлер эмоционал бояўы менен бир-биринен парық қылады. Шайыр көркем сүўретлеў предметине қарым-қатнасын сәўлелендириў ушын тилимиздеги бар сөзлерден керегин таңлап алады. Усындай эмоционал бояўы менен хызмет атқаратуғын антонимлер, синонимлер, омонимлер, фразеологизмлер ҳәм т.б. айрықша көзге тасланады.

Сөз зергерлериниң поэтикалық дөретиўшилиги миллий ҳәм көркем тилимиздиң раўажланыўына белгили дәрежеде үлес қосады. Сөз шеберлериниң қәлеминен дөреген көркем шығармалар оқыўшыға идеялық ой жуўмағын бериў арқалы оған эстетикалық жақтан да күшли тәсир етеди. Шайыр дөретпелери менен қоршаған дүньяны образлы ҳәм көркем етип көрсетеди, оған өзиниң көзқарасын билдиреди. Шығарманың көркем образлы характерге ийе болыўында оның көркем тил өзгешелиги үлкен хызмет атқарады. Көркем образларды дөретиўдиң бирден-бир усылы тилдеги сөзлер болып есапланады. Шайырдың шеберлиги тек ғана ўақыяны баянлап бериў емес, ал сол ўақыяны көркем образлы етип шығарыўда көркем тилден пайдаланыў процессинде көринеди.

И.Юсупов қарақалпақ поэзиясында поэтикалық, терең образлылыққа ийе шығармалары ҳәм айрықша шайырлық мәденияты менен ажыралып турағын тулға. Шайыр өз дөретпелеринде ҳәр бир сөзге итибарлылық пенен қарап, көркем тилдиң лексикасынан шеберлик пенен пайдаланып, оларды таңлап керекли орынларда пайдалана алған.

Шайыр дөретиўшилигинде улыўма халықлық сөйлеў тилиниң сеслик өзгешеликлери, лексикалық байлығы, көркем образ жасаўдағы көркем тилден пайдаланыў шеберлиги, улыўма көркем лексикасы сөз шеберинің шығармаларына айрықша бир эстетикалық күш берип турағынлығы белгили. Лирикада эстетикалық, терең образлылық ҳәм эмоционалық бояўларға ийе, көркем образлылықты тәмийинлейтуғын лексикалық элементлер айрықша хызмет атқарады.

Усындай лексикалық элементлердиң бири антонимлер – (грекше «anti» – қарсы, «onoma» – ат, исим дегенди билдиреди) мәнислери бир-бирине қарама-қарсы болған сөзлер топары болып, көркем шығармада гәптиң тәсиршеңлигин күшейтиў ушын, персонажлардың характериндеги қарама-қарсылықты, лирикалық конфликтти билдириў ушын қолланылады. [3:148]

Ҳәр қандай шығарма тилиниң көркемлигинде антонимлер белгили дәрежеде көркем-эстетикалық хызмет атқарады. Антонимлер сөз ҳәм образдың тәсиршеңлигин күшейтиў мақсетинде қолланылады. Мысалы:

Бир тынбас жазы менен, қысы менен,
Ойнама бул шаруўаның иси менен. [7:303]

Бунда ***жазы*** менен ***қысы*** сөзлери ўақытлық жақтан да, мәнилик жақтан да бир-бирине қарама-қарсы түсиниклерди билдиргенликтен контекстке өткирлик, тәсирлилик бериў ушын хызмет атқарып турғанлығы көринеди.

Базда шадлы, базда қапалы өмир,
Муқыйтыңнан маржан сүзгиздиң бизге.
[6:275]

Антоним жәрдеминде сүўретленип атырған объектти ишки қарама-қарсылығы менен ашыўға, ўақыя, ҳәдийселерди айқын сәўлелендириўге ерисилген. Лирикалық қаҳарманның өмир ҳаққындағы көзқараслары берилген. Бул қатарлардың мазмунында лирикалық қаҳарманның инсан тәғдири, өмир ҳаққындағы түсиниклери сәўлеленген. Адам өмириниң қарама-қарсылықлардан: қуўаныш ҳәм қайғы, тәшўиш ҳәм шадлықлардан ибарат екенлиги сөз етиледи. Ҳақыйқатында да, өмирдиң өзи қатаң қарама-қарсылықлардан ибарат.

Бул қаланың көшесинен жүргенде,
Билинбейди тоқлығым я ашлығым. [6:330]
Мейли, бул жер болсын ыссы, я салқын,
Бунда жасар мени туўдырған халқым. [5:56]

Жоқарыдағы сөзлер де антонимлик хызметте келип шайырдың Ўатан ҳаққындағы сезимлерин, көркем ой-пикирин еле де айқынлап бериў ушын хызмет етип тур.

Тәкаббырлық иллетине шатылып,
Күшлилер әззиге дизе батырып,
Арзан сөзлер қымбатына сатылып,
Бийдай нанның изи зағара болар. [6:309]

Ал, мына қатарларын шайырың философиялық көзқараслары қарама-қарсы мәнидеги сөзлер арқалы билдириледи.

Бахыт пенен бахытсызлық арасы,
Қас қағым екенин аңладым сонда… [7:108]
Кимде болмас бендешилик, алжасық,
Араласып жасар шын ҳәм жалғанын.
Еситпедим дүканшының алжасып,
Зыят өлшеп, пулды кемис алғанын. [6:281]

Бул антоним сөзлерди қолланыў арқалы шайыр инсан өмириниң кескин қарама-қарсылықлардан, гүреслерден, бахыт пенен бирге бахытсызлықлардан туратуғынлығы сыяқлы шын менен жалған да аралас жасайтуғынлығы ҳаққындағы көркем ойларын алға сүреди.

Периштемен дегенлериң,
*Көрдим **ҳарам** жегенлерин.*
Жүрсең дурыслық шегинде,
*Барман **ҳадал** еңбегиңде.* [5:6]

«Биз дүньядан, дүнья бизден» қосығынан алынған бул қатарларда не бир периштемен деген адамлардың ҳарам нәрселерге қол урыўы, болған сайын бола берсем, жыйған сайын жыйнай берсем деп нәпси, тегин дүньяға көз жуўыртқан менен ең ақырында опық жерсең деп, сонлықтан дурыс жолда жүрип, ҳадал мийнет пенен күн кешириў, ҳадалый инсан болып жасаў сыяқлы түсиниклерди шайыр антонимлер жәрдеминде бере алған. Шайыр поэзиясында антонимлер шеберлик пенен қолланылған. Лирикасында қарама-қарсы қубылысларды салыстырып, оларды бир-бирине қатар қойыў арқалы көркем пикир ойды анық ҳәм тәсирли етип жеткериўде антонимлер айрықша хызмет атқарады.

Сеслик қурылысы бойынша бирдей, мәнилери ҳәр қыйлы омоним сөзлер шайыр шығармаларында көркемлик хызметти тәмийинлеўде де айрықша орын тутаты. Көркем сүўретлеў қуралы ретинде әдебий шығарманың образлылығын, тәсирин күшейтеди. Мысалы:

Уйқыңды питирип ал, жаным қәне,
Жас уйқы тез қанбас.
Қарама маған.
Мен көп уйқылағанман өз өмиримде. [6:147]

Биринши қатардағы уйқы тәбиий түнги физикалық уйқыны, дем алыўды билдирсе, соңғы қатардағы уйқы өмирдеги көп нәрседен бос қалғанын, ўақтын бийкар, қуры өткизгенин билдиретуғын омоним сөзлер.

Мардыйған жигитлер, туяна қызлар,
Аяқ уйыса да, өтсе де ызғар,
Отырысын бузбай сәҳәрге дейин,
Бақсы тыңлар еди уйып, енеғар. [6:156]

Бунда екинши қатарда берилген уйыса омоним сөзи аяқтың айтып қалыўын аңлатса, соңғы қатардағы уйып сөзи тыныш мүлигип отырып тыңлаў мәнисин аңлататуғын омоним сөзлер.

Шайыр дөретпелери тилинде омоним сөзлер көркем сүўретлеў қуралы ретинде

лириканың образлылығын тәмийинлеўде, көркем тәсирин күшейтиўде әҳмийетли көркем лексика хызметин атқарып тур.

Шайыр лирикасында көркем лексиканың бир түри синонимлерде де көркемлик хызметти атқарыўда айрықша хызмет етеди. Мысалы:

Саўабы көп болар жақсы қонақтың,
Аш деймен, бир ақшам мийман болайын. [5:16]
Жәҳәнге жайылған даңқы саўлаты,
Тоны көк ҳәм Билге қаған зўряды.
Оғуз, қыпшақ, қырғыздың мәрт әўлады,
Хош келипсиз, қарақалпақ елине. [5:60]
Бизиң қызлар Гүлайымның урпағы,
Сулыўлықта жулдызлардың шолпаны.
Жигитлери ғошшақ елдиң султаны,
Хош келипсиз, мийманлар елине. [5:61]

Синонимлердиң шайыр шығармаларында тәкирарланыўдан қашыў ҳәм көркемлигин асырыў мақсетинде буннан басқа да мысалларда қолланылғанлығын көремиз. Мысалы;

Негедур, пушайман етип бараман,
Умытқанман саат нешелерин де.
Өкиниш ағымында кетип бараман,
Куала-Лумпурдың көшелеринде. [5:27]

Бунда шайырдың өмир ҳаққындағы ой-қыяллары, шайтан ўасўасасына қулақ асқан адамзаттың қылўаларынан түрли пикир уялаған лирикалық қаҳарманның өкиниш, пушайман сезимлери берилген.

Фразеологизмлер тилдиң қаймағы сыпатында образ жасаўда көркем сүўрет-леўдиң таяр қуралы ретинде көзге тас-ланады. Фразеологизмлер қысқалық бенен терең мәни аңлататуғын, экспрессивлиги, образлылығы күшли болған көркем лексика. Шайыр қаҳарманларының портретин, ишки дүньясын, минез-қулқын, дүньяға көзқарасын ҳәм психологиялық ҳалатын бериўде шебер қолланады. Фразеологизмлер жеке сөз бенен салыстырғанда жүдә күшли экспрессивлик мүмкиншиликлери әдеўир кең. Сонлықтан да, олар айтылажақ пикирге өзгеше бир стиллик түс береди. Шайыр И.Юсупов лирикасында фразеологизмлер өзине тән образлылығы арқалы улыўма ой-пикирди жанландырып шығарма тилиниң көркемлигин және де арттырыўда хызмет еткенлигин көремиз.

Адам бар ишинен тырнақ айланбас,
Басқаның болғанын көрип атқан жоқ.
Биреўлерге ығбал келгенин көрип,
Ишинен қан жылар, сыртынан күлип, (3.17)

Бул мысалларда берилген фразеологизмлер адам бойындағы унамсыз қәсийетлердиң бири есапланған қызғаныш, сумлық, ишкернелик сыяқлы мәнилерин билдиреди. Қаҳарманның усындай иллетлерин көрсете отырып, басқаның болғанын көре алмай қызғаныш ҳәсеттен адамның өз жанын өзи қыйнаўын көркем етип жеткериўде ең тийкарғы көркемлеў қуралы ретинде хызмет етип тур.

Улыўма айтқанда, шайыр лирикасында көркем лексиканың бир неше түрлеринен мысал келтире бериў мүмкин. Шайыр халық тилиниң жетилискен формалары, көркем лексика үлгилеринен шебер пайдаланған ҳәм поэтикалық тил байлығы, көркем сулыўлығы, терең образлылығы менен айрықша көзге тасланады.

Әдебиятлар

1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика. – Тошкент: Ёшлар нашриёт уйи, 2020.
2. Жаримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2012.
3. Жаримбетов Қ., Генжемуратов Б. Әдебият теориясы. – Ташкент: 2018.
4. Саримсоков Б. Бадиийлик асослари ва мезонлари. – Тошкент: 2004.
5. Юсупов И. Таңламалы шығармалары, (үш томлық) Т.I. – Нөкис: Билим, 2018.
6. Юсупов И. Таңламалы шығармалары, (үш томлық) Т.II. – Нөкис: Билим, 2018.
7. Юсупов И. Таңламалы шығармалары, (үш томлық) Т.III. – Нөкис: Билим, 2018.

РЕЗЮМЕ. Мақолада қорақалпоқ адабиётшунослигида поэтик тилди ўрганиш масалалари бўйича фикр юритилади. Муаллиф И. Юсупов асарларининг бадиий лексикаси, антонимлар, синонимлар, омонимлар ва фразеологизмларди талқин этади. Шоир тилининг такомиллашган шакллари, бадиий лексика намуналаридан фойдаланганлигини ва поэтик тил бойлиги, бадиийлиги, теран образлилиги очиб берилган.

РЕЗЮМЕ. В статье рассматриваются вопросы изучения поэтического языка в каракалпакском литературоведении. Автор И. Художественная лексика произведений Юсупова интерпретирует антонимы, синонимы, омонимы и фразеологизмы. Выявляются усовершенствованные формы языка поэта, использование образцов художественной лексики, богатство, артистизм и глубокая образность поэтического языка.

SUMMARY. The article discusses the issues of studying the poetic language in Karakalpak literary studies. Author I. The artistic lexicon of Yusupov's works interprets antonyms, synonyms, homonyms and phraseology. The improved forms of the poet's language, the use of examples of artistic vocabulary, and the richness, artistry, and deep imagery of the poetic language are revealed.

YOZUVNING TARAQQIYOT BOSQICHLARI

Rajapbaev Batir Bekimbetovich – *assistent o‘qituvchi*
O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali
O‘razalieva Dildora Islomovna – *o‘qituvchisi*
Nukus shahar 36-sonli umumta’lim maktabi

Tayanch so‘zlar: arxeolog, gnoseologik, piktografik, moyqalam, bitik, grafika, jamiyat, sahifa.
Ключевые слово: археолог, гносеологический, пиктографический, кисть, надпись, графика, общество, кость, страница.
Key words: archaeolodist, epistemological, pictographic, brush, inscription, graphics, society, bone, page.

Insoniyat paydo bo‘libdiki, o‘z fikrini bayon etishga, muloqot qilishga bo‘lgan ishtiyoq ila yashaydi. Til bir aloqa vositasi sifatida shakllanib, so‘ngra uni yozishga, yozuv shakllanishiga bo‘lgan harakatlar tarixdan ma‘lum. Yozuv paydo bo‘lganidan beri bizga misli ko‘rilmagan imkoniyatlarni ochib bergan. Uni taraqqiyotning kashfiyotchisi desak ham bo‘ladi. Negaki, agar bizda yozuv bo‘lmaganda edi, ajdodlarimiz yaratgan meroslari bizgacha yetib kelmagan va biz ulardan foydalana olmagan bo‘lardik. Yozuv insoniyat hayotida juda katta rol o‘ynaydi. Dunyoning har qanday burchagida, har qanday sohada bo‘lsin, yozuv doimo foydalanilib kelmoqda. Yozuv axborot almashinuv jarayonida ham o‘zining beqiyos hissasini ko‘rsatmoqda.

Tarix sahifalaridan bizga ma’lumki, yozuv tildan ancha keyin paydo bo‘lgan (tovush tili 400-500 ming yillar ilgari yuzaga kelgan, yozuvning paydo bo‘lganiga esa 4-5 ming yillar bo‘lgan). Og‘zaki til (nutq)ning zamon (vaqt) va makon (masofa) nuqtai nazaridan cheklanganligi va uni bartaraf etish zaruriyati yozuvning paydo bo‘lishiga olib kelgan. Og‘zaki til talaffuz vaqtidagina va ayni paytda muayyan masofadagi (tovush to‘lqinlari etib borishi mumkin bo‘lgan) kishi uchungina mavjuddir. Boshqa sharoitlarda tilga ehtiyoj paydo bo‘lishi bilan inson dahosi bu ehtiyojni qondira oluvchi vositalarni qidira boshlagan, natijada belgilar tizimidan iborat yozuv dunyoga kelgan. Yozuvning paydo bo‘lishi va taraq-qiyoti jamiyat rivoji, shuningdek, muayyan masofadagi kishilarning o‘zaro aloqa qilish ehtiyoji, siyosiy, huquqiy, diniy va estetik xarakterdagi axborotlarni qayd etish, saqlash zaruriyati bilan bevosita bog‘liq. Xalqlarning davlat sifatida birlashuvi nutqiy aloqa doirasini kengaytiradi va murakkablashtiradi; boshqa xalqlar va davlatlar bilan savdo harbiy, siyosiy va boshqa shartnomalar tuziladi; qonunlar paydo bo‘ladi va mustahkamlanadi; diniy qarashlar va mafkuraning boshqa turli ko‘rinishlari shakllanadi; xalqlarning o‘z tarixini bilishga bo‘lgan ehtiyoji kuchayadi. Bularning barchasini faqat og‘zaki nutq vositasida amalga oshirish mumkin emas. Bu sharoitda yozuv zaruriyatga aylanadi. Yozuv og‘zaki tilga nisbatan ikkilamchi, qo‘shimcha aloqa vositasi bo‘lsada, unga qaraganda ko‘p afzalliklarga ega. Xususan, tilning asosiy vazifasi – kishilar o‘rtasidagi aloqani ta’minlashdir. Tilning kommunikativ vazifasi yozuvsiz amalga oshishi mumkin emas. Tilning estetik, gnoseologik (dunyoni bilish) kabi asosiy vazifalarini ham yozuvsiz tasavvur qilish qiyin. Ayniqsa, tilning insoniyat qo‘lga kiritgan tajriba bilimlarni saqlash va avlodlarga etkazishdan iborat vazifasi bevosita yozuv orqali bajariladi. Kishilik jamiyati yaratgan bilim va tajribalar, kashfiyotlar, so‘z san’ati durdonalari va boshqa qimmatli axborotlarning barcha-barchasi avlodlardan avlod-larga yozuv orqali etib boradi. Til jamiyat tarixi bilan qanchalik bog‘liq bo‘lsa, yozuv ham shunchalik bog‘liqdir. Yozuv kishilik jamiyatining zaruriy ehtiyoji asosida paydo bo‘lib, rivojlanib borgan.

Masalan, rasm bilan yozuv o‘rtasida uzviy bog‘liqlik mavjud, avvalo, har ikkalasi ham ko‘rish orqali idrok qilinadi. Piktografik yozuvni ibtidoiy tasviriy san’at ichida yuzaga kelgan deyish mumkin. Arxeolog olimlarning bundan juda ko‘p ming yilliklar ilgari insonlar jildonidan chizilgan turli rasmlarning mavjudligi haqidagi ma’lumotlari ma’lum. Toshlarga, suyaklarga, g‘or devorlariga o‘yib ishlangan xilma-xil hayvonlarning rasmlari, umumiy mazmunga birlashuvchi tasviriy lavhalar – bularning bari pik-